



DWA TIMOUN YO

“Peyi Dayiti te siyen nan lane 1994”

Kisa Dwa Timoun vle di?

Se tout prensip, règ, ak lwa ki pwoteje timoun yo. Se yo ki tabli obligasyon, responsablite, ak devwa granmoun yo devan timoun yo, chak timoun an patikilye.

Men prensipal dwa timoun yo :

1 - Dwa pou timoun yo viv.

Se dwa ou genyen kòm timoun, oubyen tout lòt timoun genyen pou yo viv byen, san pèsonn pa mete lavi yo andanje pou nenpòt ki rezon. Granmoun yo dwe yo pwoteksyon. Lavi se yon kado ou te jwenn oumenm menm. Pèsonn pa gen dwa manyen kado sa a. Granmoun yo dwe respekte e pwoteje lavi timoun yo.

2 - Dwa pou timoun yo jwenn lasante.

Se dwa pou oumenm timoun, oubyen tout lòt timoun genyen pou jwenn tout swen lasante ki nesèsè pou yo viv ansante.

3 - Dwa pou timoun yo jwenn ledikasyon.

Se dwa pou oumenm timoun, oubyen tout lòt timoun ale lekòl, jwenn rekreyasyon pou byen devlope.

4 - Dwa pou timoun yo viv nan yon fanmi.

Se dwa pou oumenm timoun, oubyen tout lòt timoun pou yo gen yon non, yon nasyonalite, konnen papa ak manman yo e genyen bon relasyon ak yo.

5 - Dwa pou pwoteje yo kont tout diskriminasyon.

Se dwa pou oumenm oubyen tout lòt timoun, pou yo trete yo menm jan, tankou tout lòt timoun, fi tankou gason, nenpòt ki ras, nasyonalite, koulè po, oubyen tout kalite bagay ki fè ou diferan.

6 - Dwa pou pwoteksyon kont maltretans ak abi sèks.

Se dwa pou oumenm timoun, oubyen tout lòt timoun jwenn pwoteksyon kont vyolans; pou yo pa janm bat yo, pou yo pa janm sibi okenn move tretman, pou yo pa janm sibi abi seksyèl.

7 - Dwa pou pwoteje timoun yo kont eksplwatasyon travay.

Se dwa oumenm timoun, oubyen tout lòt timoun genyen pou yo pa travay nan benefis lòt moun.

Lè w ap patisipe nan travay lakay ou, ou gen

dwa fè sèlman travay ki nan mezi fòs ou.

8 - Dwa pou pwoteksyon kont lagè ak privasyon libète.

Se dwa oumenm timoun oubyen tout lòt timoun genyen pou yo pa patisipe nan lagè granmoun yo ap fè; pou pa mete yo nan prizon kèlkeswa sa yo fè.

9 - Dwa pou gen yon kilti ak yon relijyon.

Se dwa oumenm ou genyen oubyen tout lòt timoun pou gen yon lang, lang paran yo, e pou yo gen yon relijyon, relijyon paran yo.

10 - Dwa pou bay opinyon li.

Se dwa oumenm ou genyen, oubyen tout lòt timoun pou bay opinyon paw sou tout sa ki konsène'w. Opinyon paw konte.

Lòt Atik ki enpòtan:

Atik 15

1- Peyi ki siyen Akò a rekonèt dwa timoun yo genyen pou yo lib mete tèt yo ansanm pou fè yon asosyasyon ak pou yo reyini depi yo pa fè dezòd.

2- Libète sa yo pa gen lòt limit pase sa règleman lalwa a va bay epi ki va nesese nan yon sosyete demokratik, nan enterè sekirite peyi a ak sekirite tout moun, pou sa pa mete dezòd nan mitan pèp la, osinon pou pwoteje la sante moun, osinon pou respekte bon lizay nan sosyete a, osinon dwa ak libète lòt moun.

Atik 16

1- Pesòn pa gen dwa antre ak fòs gwonèg li, osinon yon jan ki depaman ak lalwa, nan lavi prive yon timoun, nan fanmi li, lakay li, osinon louvri lèt yo voye ba li, ni yo pa gen dwa atake

lonè li ak repitasyon li yon jan ki pa dakò ak lalwa.

2- Timoun fèt pou jwen pwoteksyon lalwa pou bagay konsa pa rive l.

Atik 17

1- Peyi ki siyen Akò a rekonèt enpòtans travay jounal, radyo ak televizyon ap fè, epi y ap louvri je yo pou yo ka sèten timoun yo jwenn bon enfòmasyon ak lòt bon zouti konesans ki soti lakay yo ak nan lòt peyi, sitou sa ki ka ede yo jwi bonjan kondisyon lavi nan sosyete a, pou nanm yo ak konsyans yo, ansanm ak la sante kò yo ak lespri yo. Se konsa, pou rive fè sa, peyi ki siyen akò yo ap pran angajman sa yo :

a) Y ap ankouraje radyo, jounal ak televizyon gaye tout kalite enfòmasyon ak konesans ki ka sèvi timoun yo nan lavi sosyal ak kiltirèl yo, dapre prensip nou jwenn nan Atik 29 la.

b) Y ap ankouraje koperasyon peyi yo yonn ak lòt pou bay tout kalite enfòmasyon ak tout zouti konesans ki soti nan òganizasyon kiltirèl, nasyonal osinon entènasyonal, pou yo separe yo youn bay lòt, lèfini pou yo gaye yo bay tout moun.

ch) Y ap ankouraje moun ekri liv pou timoun, lèfini pou yo gaye liv yo toupatou.

d) Y ap ankouraje radyo, jounal ak televizyon pou yo sèvi ak lang timoun ki natifnatal nan yon peyi osinon ki fè pàti yon ti gwoup moun apa nan peyi a, ki pale yon lòt lang.

e) Yap ede yo mete sou pye bon prensip ak règleman pou pwoteje timoun yo pou yo pa resevwa enfòmasyon ak zouti konesans ki ka yon nwizans pou lavi yo, depi yo respekte sa ki nan Atik 13 ak Atik 18.